

Kalandriye Planifikasyon Apre Etid Segondè pou Paran ak Fanmi yo

9èm Ane



Premye Trimès

Etap Aksyon yo

- Ede pitit ou a prepare l pou lekòl segondè tankou enpòtans pou li balanse akademik, aktivite andeyò kourikoulòm lekòl la, patisipasyon nan aktivite kominotè ak byennèt mantal.
- Ankouraje pitit ou a eksplòre aktivite ki andeyò kourikoulòm yo epi diskite avantaj ki genyen nan patisipe nan plis aktivite lekòl la ak kominote a.
- Diskite objektif akademik ak objektif pou lavni pitit ou a. Familiarize w ak konseye pitit ou yo, ak konseye kolèj la.
- Ede pitit ou a aprann kijan pou li jere tan, kijan pou li sèvi avèk yon sistèm pou kenbe orè yo ak devwa li yo.
- Patipispe nan aktivite "open house" (reyinyon vizit lekòl) nan lekòl la pou fè konesans ak pwofesè yo epi konprann sa y ap atann de elèv yo.
- Ede pitit ou a kreye yon sistèm pou swiv aktivite ak reyalizasyon yo.
- Aprann kondisyon pou bousetid 'Florida Bright Futures' a.
- Kreye yon Pwofil Paran 'Scoil'.
- Ale nan fwa kolèj lokal nan kominote a ak nan lekòl pitit ou a.
- Patipispe nan seri Atelye M-DCPS sou entènèt pou Mwa Kolèj ann Oktòb.
- Aprann plis de platfòm bousetid yo tankou 'RaiseMe'.
- Konekte ak ekip ESE lekòl la pou konnen pwogram tranzisyon apre lekòl segondè ki disponib pou elèv ki gen 'IEP' pandan yo kòmanse ap reflechi sou objektif yo apre etid segondè yo.

Resous

- [Sit Sèvis pou Elèv M-DCPS](#)
- [Bousetid 'Florida Bright Futures'](#)
- [Paran yo - 'RaiseMe'](#)
- [Scoil: Kreye yon Kont pou Paran](#)
- [Diplòm Estanda - Kisa Paran yo ak Elèv yo Bezwen Konnen](#)
- [Avantaj Aktivite Andeyò Kourikoulòm yo](#)
- [Atelye sou entènèt Scoir pou Paran - ann Anglè](#)
 - [Atelye sou entènèt Scoir pou Paran - an Kreyòl](#)
 - [Atelye sou entènèt Scoir pou Paran - ann Espanyòl](#)
- [Sèvis Tranzisyon](#)



Dezyèm Trimès

Etap Aksyon yo

- Revize kanè premye trimès pitit ou a pou ranfòse bòn abitud etid epi ba li asistans si li bezwen.
- Aranje yon reyinyon ak pwofesè/konseye pou diskite pwogrè akademik ak opsyon pou lesan patikilye, si li bezwen.
- Chache konnen opsyon ki disponib pou pitit ou a apre lekòl segondè, tankou kolèj teknik ak chwa lekòl pwofesyonèl.
- Ankouraje pitit ou a pou l patisipe nan aktivite pwogram andeyò kourikoulòm ak/oswa pwogram kominotè yo.
- Eksplòre resous Scoir ak pitit ou a tankou mete ajou enfòmasyon sou pwofil li, fè rechèch sou kolèj li prefere, ak eksplòre divès kalite opsyon apre lekòl segondè.
- Kòmanse fè rechèch sou opòtinite bousetid epi ankouraje pitit ou a kòmanse pwosesis sa a nan sit tankou 'RaiseMe'.
- Familiarize ak pwosesis 'Diploma Pathways' (Diferan metòd pou resevwa yon diplòm) M-DCPS la pou sipòte pitit ou a rive genyen divès kalite diplòm.
- Fè plan pou ale nan "Miami National College Fair" (Fwa Kolèj Nasyonal Miami) a.

Resources

- [M-DCPS Student Services- Sit entènèt CAP Peye pou Kolèj la.](#)
- [Etidyan ak Fanmi yo | Rezo Scoir](#)
- [Kolèj Teknik M-DCPS yo](#)
- [Pwogram Chemen Karyè](#)
- [Pwogram Lòt Metòd pou Resevwa yon Diplòm](#)



Kalandriye Planifikasyon Apre Etid Segondè pou Paran ak Fanmi yo

9èm Ane



Twazyèm Trimès

Etap Aksyon yo

- Revize kanè premye trimès pitit ou a epi pran nòt premye "Grade Point Average (GPA)" (Mwayèn Jeneral) la.
- Revize rapò 'GradTrack' pitit ou a nan Pòtal Paran M-DCPS la pou kontwòle pwogrè pitit ou a pou gradyasyon ak kondisyon pou admisyon nan kolèj yo.
- Kòmanse diskite sou prensipal kou pou ane k ap vini an baze sou rigè, enterè ak egzijans Inivèsite Leta yo (ki gen ladan de (2) ane pou aprann yon lang etranje).
- Ankouraje pitit ou a konsilte pwofesè ak konseye lè li pare pou planifikasyon seleksyon kou yo.
- Ede pitit ou a prepare egzamen tankou AP/IB/AICE, ankouraje li ale nan leson patikilye nan lekòl li, atelye, ak 'AP Central' pou li gen aksè ak videyo AP yo ak lòt resous.
- Ankouraje pitit ou a pou li toujou kontinye patisipe nan lekòl ak/oswa pwojè kominotè yo.
- Asiste pitit ou a nan rechèch opòtinite pou kwasans akademik atravè pwogram anrichisman, patisipasyon nan aktivite kominotè oswa fè estaj nan sezon ete a.
- Ankouraje pitit ou a pou li kontinye grandi pwofil Scoir li pandan ane ap pwogrese.
- Ede pitit ou a nan premye etap yo pandan l ap monte yon lis kolèj ki reflekte enterè li yo.
- Akonpaye pitit ou a nan fwa Miami National College a pou pran kontak ak yon varyete enstitisyon nasyonal ak entènasyonal.

Resous

- [CollegeBoard AP Central](#)
- [Kondisyon FL SUS yo](#)
- [Videyo Fòmasyon GradTrack](#)
- [Mwayèn Jeneral pondere e non-pondere](#)
- [Kijan pou Leve Mete Klas Segondè ou yo Nan Yon Lòt Nivo](#)
- ["Miami National College Fair" \(Fwa Kolèj Nasyonal Miami\)](#)



Katriyèm Trimès

Etap Aksyon yo

- Chèche direksyon nan men konseye pitit ou a oswa Konseye CAP la pou gen plis enfòmasyon sou pwogram ete yo epi prepare pou klas 10èm ane a.
- Ankouraje pitit ou a enskri nan pwogram ete yo tankou kan akademik, pwojè sèvis kominotè ak/oswa estaj ki reflekte enterè li yo.
- Ede pitit ou a konpile lis aktivite ak reyalizasyon yo.
- Ede pitit ou a kreye yon CV, mande l pou l sèvi avèk modèl ki disponib nan Scoir anba seksyon pwofil "Aktivite" ak "Reyalizasyon".
- Sipòte pitit ou a nan fè rechèch sou bousetid yo ak mete ajou kont 'RaiseMe' pou li genyen posiblite jwenn ti bousetid ki baze sou reyalizasyon ak akonplisman akademik li pandan premye ane lekòl segondè a.
- Kòmanse explore èd finansyè yo ak lòt opòtinite pou peye kolèj la.

Resous

- [Pou Etidyan: Kreye e Ekspòte yon CV - Scoir](#)
- [Pwogram Ete: Kisa, Poukisa, e Kòman](#)
- [Ajoute Ekstra-Kourikoulòm yo nan Bous 'RaiseMe' an.](#)
- [Peje pou Kolèj - Fondamantal pou Èd Finansyè](#)
 - [Disponib ann Espanyòl](#)
 - [Disponib an Kreyòl](#)

